

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

- 1) Naskah *Wawacan Barjah* nu dijieun bahan panalungtikan ieu tésis nya éta nu dipimilik ku Nini Cékoj (82 th), Kampung Bunut Rt 13/ Rw 06, Désa Ciuyah Kecamatan Cisarua, Kabupaten Sumedang. Nini Cékoj meunang éta naskah wawacan ti salakina (Aki Usin (Alm)). Ieu naskah téh kandelna 129 kaca. Téksna lengkep. Ukuran naskah: 20 cm x 15 cm. Ruang tulis: 19 cm x 14 cm.
- 2) Tulisan dina naskah umumna babari kabacana. Ngan aya 3 kecap anu teu jelas nya éta dina kaca 22 pada ka-92, jeung dina kaca 35 pada ka-157. Éta hal dikasangkutanan ku lantaran, ieu naskah téh warnana geus konéng, katambah mangsina luntur tapak urut kabanjur cai, antukna tulisanana jadi teu pati jelas dibaca.
- 3) Data unsur budaya anu aya dina *Wawacan Barjah* luyu jeung nu ditétélakeun ku Koentjaraningrat, anu ngawengku basa, élmu pangaweruh, organisasi sosial, pakakas jeung téknologi, pakasaban, kapercayaan, jeung kasenian. Unsur budaya nu aya dina *Wawacan Barjah*, ditataan ieu di handap.
  - a) Aspék basa nu dipaké dina *Wawacan Barjah* aya opat rupa basa, nya éta kecap serepan tina basa Arab, basa Sunda, basa Jawa, jeung basa Indonésia. Dina ieu wawacan ogé kapanggih rakitan basa anu mangrupa sisindiran, dina wangun paparikan jeung wawangsalan. Lian ti éta, kapanggih ogé gaya basa, diantarana nya éta gaya basa babandingan (ngumpamakeun/*simile*), gaya basa hiperbola (kaleuleuwihi), gaya basa mijalma (*personifikasi*), jeung gaya basa sindir.
  - b) Aspék élmu pangaweruh nu kapanggih dina ieu wawacan, kasampak dina pangaweruhna ngeunaan alam, tutuwuhan, sasatoan, kecap sesebutan bilangan (keur nuduhkeun jumlah, kecap sesebutan bilangan nu dilarapkeun kana barang nu tangtu), ukuran beurat jeung lobana paré,

ukuran panjang jeung lega, harga duit, kecap sesebutan waktu (dina sapoé sapeuting, sesebutan waktu séjénna), sesebutan/ngaran usum-usuman nu patali jeung (kaayaan alam, masarakat, tatanén, jeung pranata mangsa), babagéan awak manusa, rupa-rupa warna, sipat jeung paripolah sasama manusa (adat sopan santun dina campur gaul, jeung adat istiadat).

- c) Aspék organisasi sosial dina *Wawacan Barjah*, diantarana ngeunaan pancakaki, ngaran pangkat di lingkungan karajaan, jeung ngaran pangkat golongan.
  - d) Rupa-rupa pakakas jeung téknologi anu kapanggih dina ieu wawacan, kayaning alat-alat produktif, pakarang, wadah, pakakas ngahurungkeun seuneu, dahareun jeung inuman, pakéan, patempatan, jeung alat-alat transportasi.
  - e) Sistem pakasaban nu kapanggih dina ieu wawacan aya 12 pakasaban, nya eta dagang, emban, guru, hotib, mandor dagang, ngahuma, pandita, pangebon, panghulu, patani, ronggéng, tukang kendang/panjak.
  - f) Sistem kapercayaan kana ayana nu nyiptakeun mah geus aya. Tapi, teu kapanggih jenis agama nu diangemna. Nilik kana latar caritana, kamungkinan anggeman nu dicekel ku palaku masih aya dina kapercayaan *animisme* atawa *dinamisme*.
  - g) Kasenian nu kapanggih dina ieu wawacan aya dina sababaraha wangun nya éta seni sora, seni tari, jeung seni lukis.
- 4) a) Hasil analisis ajén atikan karakter bangsa dumasar Pusat Kurikulum Departemen Nasional, nu nyampak dina *Wawacan Barjah* katitén aya 13 karakter aspék, nya éta *jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, demokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, peduli sosial, jeung tanggung jawab*. Sedengkeun, karakter bangsa nu teu kapanggih dina ieu wawacan, aya 5 aspék, nya éta: *religius, mandiri, cinta tanah air, gemar membaca, jeung peduli lingkungan*.

- b) Hasil analisis ajén atikan karakter urang Sunda anu nyampak dina *Wawacan Barjah* nu dipatalikeun jeung téori Samani jeung Haryanto saperti nu ditataan ieu di handap.
- (1) Aspék cageur nu kapanggih dina *Wawacan Barjah* aya 3 indikator, nya éta gagah perkasa, bisa ningali deui, jeung geulis. Aspék *cageur* aya dina palaku Jaka Barjah, Jaka Karaton, Putri Trengganu, jeung Serdadu.
  - (2) Aspék bageur nu kapanggih dina *Wawacan Barjah* aya 4 indikator, nya éta tutulung, teu pamrih, ngarasa prihatin, jeung asih. Aspék *bageur* aya dina palaku Jaka Barjah, Radén Barjah, jeung sato leuweung.
  - (3) Aspék bener nu kapanggih dina *Wawacan Barjah* aya 7 indikator, nya éta méré pépéling ka anak, ngaji piwulang kolot, ngawuruk, tumarima kana takdir, kasopanan (nyembah), berbudi, jeung nedunan jangji. Aspék *bener* aya dina palaku Radén Barjah, Kuya Putih/Bangbang Sagara, Raja Paréman, Renggan Pulung, Éyang, jeung Gunaganda.
  - (4) Aspék pinter nu kapanggih dina *Wawacan Barjah*, aya dina 8 aspék, nya éta bisa robah wujud, kebal, pinter ngawih/nembang, miboga ajian, bisa élmu sirep, jago mentang gondewa, jeung pinter ngagambar. Aspék *pinter* aya dina palaku Jaka barjah, Jaka Karaton, Kuya Putih/Bangbang Sagara, Nagasatra, Putri Trengganu, Renggan Pulung, Déwi Kélongan, jeung Patih Kontali.
  - (5) Aspék singer nu kapanggih dina *Wawacan Barjah*, aya dina opat indikator nya éta jadi pamingpin perang, tatahar rék perang, kaputusan anu wijak ti éta raja, jeung ngaistrénan patih. Aspék *singer* aya dina palaku Jaka Barjah, Putri Trengganu, jeung Patih.
- 5) Hasil ajén-inajén atikan karakter bisa dijadikeun bahan pangajaran, boh di lingkungan formal boh non formal. Pituduh-pituduh nu aya dina jero naskah, hasilna bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. naskah *Wawacan Barjah* bisa dijadikeun eunteung katut acuan dina ngalarapkeun karakter individu nu hadé.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil anu geus ditétélakeun di luhur, aya sawatara saran pikeun ngeuyeuban jeung ngamekarkeun panalungtikan ngeunaan budaya jeung sastra Sunda, ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kasadaran masarakat Sunda pikeun ngajaga, maluruh, jeung nyuksruk jero ngeunaan titinggal sajarah. Sabada ieu panalungtikan, masarakat Sunda bisa ngajadikeun ieu panalungtikan jadi bahan bacaan umum, nu bisa jadi sumber pangaweruh, inspirasi pikeun ngahasilkeun karya sastra nu leuwih jero, tur bisa ngawangun tingkah laku masarakat nu leuwih hadé. Éta hal disarungsum pikeun ngawangun kapribadian individu dina ngawangun jati diri bangsa. Lian ti éta, karakter tokoh nu hadé dina *Wawacan Barjah*, bisa dijadikeun conto pikeun milih métode atikan anu luyu jeung masarakat kiwari. Sacara pédagogik ajén-inajén nu nyampak dina naskah (*manuscript*) *Wawacan Barjah* bisa dijadikeun bahan pangajaran dina sawatara tingkatan umur upamana dina ngawangun karakter pribadi unggal individu masarakat Sunda.

Ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan séjén kana unsur anu aya dina ieu wawacan atawa dina panalungtikan wawacan dina judul séjénna, pikeun kontribusi pikeun dunya atikan, basa, sastra, jeung budaya Sunda sacara umum.